PEMERINTAH KABUPATEN TEGAL
DINAS PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
TRY OUT / UJI COBA UJIAN SEKOLAH (US)

SMP NEGERI 1 KRAMAT

TAHUN PELAJARAN 2021/2022

LEMBAR SOAL

Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa
Satuan Pendidikan	: SMP Negeri 1 Kramat
Hari / Tanggal	: Rabu, 13 April 2022
Alokasi Waktu	: 60 Menit
Dimulai	: 09.15 WIB
Diakhiri	: 10.15 WIB

Nama Peserta : _____ **Kelas :** _____ **No. Absen :** _____

A. Pilihan Ganda

Klik pada a, b, c atau d yang kamu anggap paling benar ! Untuk mengganti jawaban yang salah, tinggal klik jawaban yang salah tersebut agar terhapus dan klik pilihan jawaban yang benar !

Dina iki ganep sesasi Esti sekolah ing SMP Negeri. Wiwitan mlebu sekolah SMP dheweke dheg-dhegan, rasane campur bawur antarane seneng, wedi, was sumelang, yen istilah jaman saiki jarene galau tingkat tinggi. Atine rumangsa seneng amarga ketampa ing sekolah sing diidham-idhamake yaiku SMP Negeri, dene rumangsa wedi mbokan mengko gurune olihe mulang muruk galak-galak, lan ngrasa kuwatir mbokan ora olih kanca sing guyub rukun lan nyenengake.

1. Kepriye perasaane paraga ing crita iki sawise ketampa ing SMP Negeri?

A	kuciwa	B	seneng	C	Sedih	D	Biasa

Sawise sesasi sekolah ing kene, kabeh rasa wedi lan kuwatire Esti ora kabukten. Pranyata Bapak Ibu Guru ing kene welas asih lan sabar drana. Kanca-kancane apik kabeh, solah bawane sopan santun, andhap asor ora seneng tukar padu, seneng sapa aruh, cocog karo slogan sing nemplek ing tembok saben kelas "Budayakan Senyum, Salam, Sapa".

2. Sinonim tembung **sesasi** ing crita iki duwe teges pada karo …

A	Sedina	B	Seminggu	C	Sewulan	D	Setahun

Tekan umah, Mukson langsung mangan. Lelene diglethakna nang mburi perek sumur. Tapi Mukson kayong ora enak mangane, nembe setengah wis emoh. Ibune gumun, biasane mangane dokoh nganti segane entek gusis daning saiki ora doyan mangan. Krasa ora enak awake, Mukson turu. Jebule awake tambah panas, kosi nglindur, ngoceh gemboran ora karuan. Ibune runtag.

3. Tembung lingga kang tinemu ing wacan yaiku …

A	Mangan	B	Segane	C	Biasane	D	Turu

Ora suwe, umpane dipangan, ketara kambangane langsung kegered klelep tandane sing narik iwak gedhe. Jebul bener, iwak lele gedhene sapupune dhewek, warnane ireng getheng kaya aspal, rupane medeni. Mugane bocah telu mau radan runtag. Wedi maring iwak lele sing rupane nyala wadi ora kaya biasane.

LIVEWORKSHEETS

4. Tembung saroja kang tinemu ing wacan yaiku …

A	Ora suwe	B	Iwak Lele	C	Nyala Wadi	D	bocah telu

Esuk kiye sekolahku repan karawuhan tamu saka Dinas Pendidikan dan Kebudayaan. Ngendikane bapak kepala sekolah nalika upacara wingi, tim sing dinas repan nganakna penilaian sekolah sehat. Kanggo nyambut rawuhe tamu mau, disuguhna tarian sing arane tari topeng Endel. Aku dhewek kepengin weruh langsung tarian kiye. Tari topeng Endel mengko ditarikna dening bocah-bocah kelas pitu.

5. Manut unggah-ungguh basa, wacan ing dhuwur nggunakake unggah-ungguh basa …

A	Ngoko Lugu	B	Ngoko Alus	C	Krama Lugu	D	Krama Alus

Tim sing dinas wis rawuh. Bapak lan ibu guru jumeneng nyambut tamu. Sawise tamune pinarak, tari Endel wiwit disuguhna. Para tamu lan bapak ibu guru mirsani tari topeng Endel karo nyambi dhahar buah-buahan sing wis dicawisna, ana sega sakepel dirubung tinggi, wit adikih woh adakah, ana uga pitik walik saba kebon.

6. Tegese tembung <u>pinarak</u> ana ing wacan yaiku …

A	Lenggah	B	Mlampah	C	Jumeneng	D	Ndhodhok

Para tamu lan bapak ibu guru mirsani tari topeng Endel karo nyambi dhahar buah-buahan sing wis dicawisna, *ana sega sakepel dirubung tinggi, wit adikih woh adakah,* ana uga *pitik walik saba kebon*.

7. Sing **ora kalebu** batangane cangkriman ing wacan yaiku …

A	Semangka	B	Manggis	C	Nanas	D	Salak

8. Ibu ngajak bapak ... kuntulan wonten ing acara wisuda TPQ.
Tembung <u>tanduk</u> kang trep kanggo njangkepi ukara iku yaiku …

A	Pirsa	B	Mirsani	C	Dipirsani	D	Kokpirsani

Lilis : "Er, kelase Pak Sugeng kok rame nemen sih?
Erna : "……."

9. Ukara sing trep kanggone Erna miturut unggah-ungguh basa yaiku …

A	Iya, Pak Sugeng ora mangkat amarga saweg lara untu jarene Bu Endang.
B	Iya. Pak Sugeng ora tindak, amarga lagi gerah waja ngendikane Bu Endang.
C	Iya, Pak Sugeng boten mangkat, jalaran tembe gerah untu jarene Bu Endang.
D	Iya, Pak Sugeng boten tindak, jalaran saweg sakit waja ngendikane Bu Endang.

10. Rudi : "Wingi aku weruh Bu Siti … pasar kayane arep … beras.
Tembung sing trep kanggo jangkepi ukarane Rudi manut unggah-ungguh basa yaiku …

A	kesah, tuku	C	lunga, tumbas
B	bidal, mendhet	D	tindak, mundut

LIVEWORKSHEETS

Ingkang kinurmatan Bapak Kepala Sekolah, ingkang kula urmati bapak ibu guru ingkang satuhu luhuring budi, para kanca siswa-siswi kelas IX, kelas VIII lan kelas VII ingkang kula tresnani. Mangga kita sedaya ngaturaken puji syukur dhumateng Gusti Ingkang Maha Agung, amargi kita sedaya tansah pinaringan nikmat saras, sempat, lan nikmat sanes-sanesipun saengga dumugi samenika kita sedaya saged kempal ing adicara perpisahan kelas IX tahun ajaran 2020/2021 enjing menika.

11. Teks pidato/sesorah iki kalebu perangan ….

A	Pangarep-arep	C	Wasana/ Panutup
B	Isi/ Wos	D	Purwaka/ Pambuka

Kewasisan Kyai Djinten ing babagan tetanen gawe seneng wong akeh. Apa maneh babagan agamane uga mumpuni. Akeh murid kang meguru marang Kyai Djinten kalebu Pangeran Benowo kang sabanjure mengko nerusake nyebarake agama Islam ing Balamoa kang kondhang kanthi asma Ki Benawi.

12. Miturut teks iki, Pangeran Benowo kuwi apane Kyai Djinten?

A	Anake	B	Gurune	C	Muride	D	Kancane

13. Manut panemumu, kepriye watake Kyai Djinten?

A	wasis lan becik	C	Wasis lan Gumedhe
B	Luhur lan Umuk	D	Kuminter lan gumedhe

Jiniseng sayuran kang akeh ditandur ing dhaerah iki yaiku: cabe, sawi, terong, kacang dawa, lan liya-liyane. Nanging tanduran kang paling akeh ditandur dening warga lan asile uga paling akeh yaiku cabe. Miturut crita asil panen cabe kang akeh mau dadi asal-usule desa iki diarani Desa Pecabean.

14. Miturut isine, crita iki kalebu jinise crita ....

A	Mitos	B	Fabel	C	Roman	D	Legenda

15. Tembung asal-usule kalebu tembung rangkep ....

A	dwipurwa	B	dwiwasana	A	Dwilingga wantah	A	Dwilingga salin swara

B. Pilihan Ganda Kompleks
Perhatikan perintah menjawab pada setiap soal !

Berilah tanda centang (√) pada jawaban yang kalian anggap benar...

Lagi nggoleti, akhire ketemu peksi Jatayu sing lagi sekarat. Rama age-age nulungi, ananging kahanane Jatayu wis ora bisa ditulungi. Resi Jatayu sadurunge nemahi seda, wadul marang Rama. Jatayu nyritakake menawa garwane yaiku Sinta diculik dening Raja Alengka Dasamuka. Banjur Resi Jatayu seda.

Rama matur nuwun banget maring Peksi Jatayu. Sawise ngreksa layone Jatayu, Prabu Rama lan Laksmana nerusake lampah. Ing tengah dalan ana sing atur pamrayoga supaya Prabu Rama lan Laksmana minta sraya marang rajaning wanara aran Anoman.

LIVEWORKSHEETS

16. Manut panemumu, tuladha becik apa kang bisa kojupuk saka peksi Jatayu?

- [ ] Duwe sifat kang wicaksana
- [ ] Tansah tulung-tinulung yen ana wong susah.
- [ ] Aja sok mbedak-mebadake marang liyan.
- [ ] Dadi satria kudu mbelani bangsa lan negarane.

17. Ukara sing nggunakake unggah-ungguh basa ngoko alus yaiku. …

- [ ] Ibu dhahar ponggol saben esuk.
- [ ] Mas Ali didhawuhi Bapak ngaturake surat marang Pak RT.
- [ ] Pak Waryo nggawe Unjukan kangge para guru.
- [ ] Mbak Markonah tumbas dhawet wonten pasar Pesayangan.

Bu Guru : "Rin wingi kowen maring endi liwat umahe bu guru?"
Rini : ……..

18. Wangsulane Rini kang ora trep miturut unggah-ungguh basa yaiku ….

- [ ] "Tindak dhateng gerji Bu, mundhut rasukan."
- [ ] "Dhateng gerji Bu, mendhet jaitan rasukan kula."
- [ ] "Dhateng gerji Bu, mundhut jaitan klambi kula."
- [ ] "Dhateng gerji Bu, mendhet jaitan klambi kula."

Ande-ande Lumut : "Kula tampa Mbok."
Mbok Dhadhapan : "Piye ta le. Sing ayu-ayu padha ditampik, bareng sing elek rupane, malah ditampa."
Ande-ande Lumut : "Mbok saniki kula tak matur. Kula sejatosipun putra saking kraton Jenggala, Panji Asmara Bangun."
Mbok Dhadhapan : "We lha dalah. Nyuwun pangapunten Den, kula mboten ngertos."
Ande-ande Lumut : "Mbok, lha niki Kleting Kuning niku bojo kula, naminipun Dewi Sekartaji."

19. Apa pesan moral kang ana ing sandiwara kethoprak iki?

- [ ] Ndeleng wong kudu saka njabane.
- [ ] Ndeleng wong saka bandha lan ayune.
- [ ] Aja milih samubarang mung saka wujude.
- [ ] Aja ngileng apa-apa saka njabane, nanging uga atine.

20. Ing ngisor iki kalebu ukara sambawa yaiku …

- [ ] Bagusa kae yen ora tau gelem ngibadah ya padha wae aku ora seneng.
- [ ] Udana kaya ngapa bapak tetep tindak pasar
- [ ] Lawang nomer telu kae bukaken!
- [ ] Karake pepenen ing ngarep omah!

LIVEWORKSHEETS

21. Pratelan iki kang kalebu panyandra yaiku …

- [ ] Drijine mucuk eri
- [ ] Mripate ndamar kanginan
- [ ] Kulite kuning ngemu giring
- [ ] Tangane nngendewa pinenthang

22. Ukara kang kalebu ukara pakon yaiku…

- [ ] Ayo, yen pancen wani, tandhingana aku!
- [ ] Tulungana wong sing mbutuhake pitulungan!
- [ ] Wangsulana pitakonan iki kanthi pratitis!
- [ ] Adusa ora sabunan ya ora resik

Kleting Abang : "Biyung saiki aku tak budhal, aku njaluk pamit lan pangestu. Dongakna aku ditampa, Yung." (para kleting padha pamitan)
Mbok Randha Telasih : "Ya anakku kabeh wae, Biyung mangestoni Slamet lakumu aja padu"
Kleting Kuning : "Biyung Aku tak nusul mbakyu". (Kleting Kuning Lan Kleting Gayong Kelayu)
Kletung Gyong : "Aku ya melu."
Mbok Randha Telasih: "Kleting Kuning kowen ors susah nusul mbakyumu nangomah wae ngancani Biyung."
Kleting Kuning : "Yung Aku mung nonton wae, ora ngapa-ngapa."
Mbok Randha Telasih : "Ya nek panceng kowen mung nonton, ayo melu."

23. Pratelan kang kalebu pituduh laku saka teks sandhiwara kethoprak iki yaiku …

- [ ] Para Kleting padha pamitan
- [ ] Kleting Kuning Ian Kleting Gayong kelayu
- [ ] Dongakna aku ditampa ,Yung.
- [ ] Kleting Gayong: "Aku ya melu."

LIVEWORKSHEETS

24. Pesan maoral kang ana ing teks sandhiwara kethoprak iki yaiku ...

- [ ] Mbok Randha daksia marang anake
- [ ] para kleting ora duwe sopan santun
- [ ] lelungan kudu pamit karo wong tuwa
- [ ] anak kudu ngurmati marang wong tuwa

25. Ukara iki kang kalebu ukara camboran yaiku ...

- [ ] Mbok Randha ngangkat anak amarga ora duwe anak.
- [ ] Ande-ande Lumut, Bejo, lan Mbok Randha saiki urip bareng.
- [ ] Mbok Randha pengin duwe anak, nanging ora bisa.
- [ ] Ande-ande Lumut diangkat anak dening Mbok Randha.

C. Menjodohkan

Jawab dengan menarik pilihan jawaban yang ada dibawah !

Tariklah kata jawaban dibawah pada kotak jawaban yang kalian anggap benar !

Panyandra	Ratu = raja, narendra, narpati, nareswara, nata, sri, nara,bupati
Ngoko Alus	Ayo padha sinau supaya pinter!
Ukara Agya	Mangkata mau, bakal ora telat.
Ukara Sambawa	Mripate ndamar kanginan
Dasanama	Ibu dhahar sate lima karo sega sapiring

LIVEWORKSHEETS

D. Isian Singkat

Jawab dengan mengetik secara singkat !

Cipta, rasa, karsa santosa
agawe bungahing ati
rama ibu cahyane sumunar
putrane wus mandhireng dhiri

31. Cipta, rasa, karsa kang santosa bisa gawe .....

32. Putrane saiki wis mandhiri mugane Rama ibu cahyane

33. Adus mau-mau aku ora ditinggal Wisnu. Ukara sambawa iki tegese .

34. Nulisa kae ari ora diwaca ya ora mudheng karepe.
Ukara sambawa iki tegese…

35. Hartini bocahe ayu pipine

Dipun sami ambanting sariranira,
cegah dhahar lan guling,
darapon sudaa,
nepsu kang ngambra-ambra,
rerema ing tyasireki,
dadi sabarang,
karsanira lêstari.

36. Pira guru wilangan lan apa guru lagune gatra kaping pindho tembang macapat kuwi?

Taman Rakyat Slawi Ayu rame endah,
peni mranani ati,
kehing wong plesiran,
janma kang luru bungah,
bisa blanja uga mangan,
nonton hiburan,
Trasa pancen ngangeni

37. Manut isine tembang, kang bisa dilakokake ing Trasa yaiku

38. Janma kang luru bungah. Tembung "janma" dasanamane yaiku .

39. Ande-ande lumut sejatine yaiku .

40. Simbah saben esuk dhahar ketan goring. Ukara iku kalebu unggah-ungguh basa .

E. Uraian

Jawablah dengan mengetik secara langsung pada kotak yang tersedia !

Neng TPQ (Taman Pendidikan Qur'an) ana acara wisuda. Santri sing repan diwisuda wis siap. Sadurunge acarane diwiwiti, ana selingane yakuwe seni kuntulan. Ibu ngejak bapak mirsani kuntulan. Bapak sing lagi midhangetna radio garo dhahar sing bosok malah enak gagiyan salin ngagem klambi koko. Bapak lan ibu tindak bareng maring TPQ. Bayu sing lagi dolanan gagiyan salin nganggo kathok sing dikethok malah dhuwur lan melu ndeleng kuntulan.

41. Miturut wacan ing dhuwur,

LIVEWORKSHEETS

Sebutna cangkriman kang tinemu ing wacan lan batangane!

42. Tulisna tuladhane purwakanthi loro (2) bae:
    Purwakanthi swara

43. Ature Ani dadekna basa krama lugu!
    Eyang : "Ani kae mau sapa sing dolan mene?"
    Ani : "Arane Sinta omahe Slawi Mbah, ngampiri arep tuku buku."

44. Ature Dafa dadekna basa krama alus!
    Pak Guru : "Dafa, mene mas sedhelat?"
    Dafa : "Pak guru ngundang aku arep kongkon apa?"

45. Tulisna tuladhane purwakanthi loro (2) bae:
    Purwakanthi sastra

LIVEWORKSHEETS

LIVEWORKSHEETS